

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Karya sastra bagian tina kasenian. Ku sabab kitu, karya sastra mibanda unsur-unsur kaéndahan (ajén-ajén éstétik). Ajén éstétik (kaéndahan) dina karya sastra gelar dina pakakas komunikasi nu disebut basa.

Basa dina karya sastra mangrupa pakakas éksprési tina ébréhan haté, pikiran, jeung kahayang pangarangna. Ku kituna, hasil karya sastra, cipta, jeung rasa éta téh minangka imajinasi pangarang alatan ayana “réfléksi“ kana rupaning gejala sosial nu katara jeung karasa di sabudeureunana. Karya sastra ogé minangka ébréhan éksprési nu tumali jeung masalah-masalah hirup jeung huripna manusa, saperti ngagambarkeun silih asah, kasusah, perjoangan, jeung pagétréngna papada manusa alatan naon-naon perkara nu nyangkaruk, jeung nu karasa dina kahirupan masarakat sapopoé.

Ku sabab karya sastra téh dina gelarna minangka ébréhan ngeunaan masalah kahirupan manusa, ku kituna dina sastra bakal kapanggih hakékat jeung gambaran kahirupan manusa tina rupa-rupa pangalaman, rasa, pikiran, jeung kahayang.

Patali jeung hal ieu, Iskandarwassid (1992: 135) ngajelaskeun yén

“Karya sastra nya éta karya seni nu digelarkeun ngagunakeun alat basa. Minangka karya seni, warnaning karya sastra téh diciptakeun salawasna napak dina usaha ngolah-ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan sastra). Ku lantaran alatna basa, nya nu diarolah ku pangarang téh sakabéh poténsi éstétis nu dipimilik ku basa, kaasup rupa-rupa pungsina atawa makéna basa. Ari jejer karya sastra enas-enasna mah ngurung sakumna

kahirupan manusa, dina harti jembar. Tina ngolah unsur-unsur éstétis éta, karya sastra hayang nimbulkeun kasugemaan rasa, kasugemaan émosional, kasugemaan batiniah; aworna antar épék basa (alat, cangkang) jeung eusi.”

Ku lantaran kitu, alat jeung eusi dina karya sastra téh kudu gumulung enggoning ngawujudkeun ajén-inajén éstétika dina karya sastra. Ari ajén éstétik atawa unsur kaéndahan dina karya sastra tujuanana pikeun nimbulkeun rasa kataji atawa sangkan narik ati, rasa kagagas, resep, ni'mat sarta rasa lianna nu aya patalina jeung kasugemaan jiwa nu macana. Salian ti bisa nyugemakeun, sastra ogé gedé pisan mangpatna. Sastra téh dina enas-enasna mah bisa mangaruhan nu macana

Gumulungna antara basa jeung eusi dina karya sastra téh pikeun nimbulkeun kasugemaan jiwa, hal saperti kieu téh nyangkaruk dina karya sastra, saperti prosa, puisi, jeung drama. Sangkan karya sastra bisa nimbulkeun kasugemaan rasa, tangtu baé dina ngébréhkeun pamikiran jeung rasa pangarang téh, samistina kudu ngamangpaatkeun unsur-unsur éstétis (kaéndahan sastra). Dina makéna unsur éstétis éta, tangtu waé bisa rupa-rupa, saperti bisa ngagunakeun purwakanti, gaya basa, pakeman basa, jeung dicokot harti injeumanana.

Nilik kana wincikan tadi, nu jadi salah sahiji poténsi éstétis nu dipibanda ku basa téh nya éta gaya basa. Ngeunaan gaya basa, Iskandarwassid (1992: 44) nétélakeun:

“Gaya basa nya éta corak ékspresi basa, boh dina prosa boh dina puisinu digunakeun pangarang dina midangkeun omonganana. Pasipatan gaya basa dina karya sastra atawa ti hiji pangarang bisa dianalisis tina; 1) diksi atawa pilihan kecapna, 2) tina ungkara atawa

struktur kalimahna, 3) tina rupa-rupa babandingan jeung cara ngantebkeun harti, 4) tina pola wirahmana, purwakantina, jeung 5) tina cara-cara nimbulkeun épék ku rakitan basa jeung ciri-ciri wangun séjénna.“

Dumasar kana pamadegan di luhur, gaya basa bisa kapanggih dina karya sastra minangka salah sahiji wujud tina kaéndahan basa. Alatan kitu, saban pangarang ngamangpaatkeun gaya basana pikeun ngamamanis karyana dina maké gaya basana.

Patali jeung karya sastra, karya sastra Sunda mangrupa karya seni nu digelarkeun ngagunakeun alat basa Sunda. Nilik kana wangunna, karya sastra Sunda téh dibagi tilu nya éta puisi, prosa, jeung drama. Dumasar kana waktu gumelarna, karya sastra Sunda téh kabagi dua, nya éta karya sastra buhun, kayaning mantra, jangjawokan, sisindiran, pupujian, guguritan (wangun puisi), wayang jeung carita pantun (wangun prosa), jeung karya sastra modern, kayaning carpon, novél, sajak jeung drama.

Di antara karya sastra modern wangun prosa nu bisa dianalisis gaya basana téh nya éta novél. Ari novél nya éta prosa rékaan nu naratif (ngawujud lalakon) unurna panjang sarta galur caritana kompléks (ngarancabang), Iskandarwassid (1992: 91).

Panalungtikan ngeunaan gaya basa dina karya sastra Sunda di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI geus lila dilaksanakeun. Éta hasil panalungtikan téh nya éta:

1. "Gaya Basa dina Novel *Nu Seungit Dipulang Asih* karangan Ahmad Bakri pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SMA Pasundan Tasikmalaya" (Irma Karmila, 1985);
2. "Analisis Gaya Basa dina Carita Pantun 'Panggung Karaton' pikeun Bahan Pangajaran di SMA" (Catur R Kusdayanti, 1997);
3. "Gaya Basa dina Novel *Dina Kalangkang Panjara* karangan Ahmad Bakri pikeun Bahan Pangajaran di SLTP" (Eneng Nurhayati, 1998);
4. "Gaya Basa jeung Purwakanti dina Novel *Sekar Karaton* karangan Aam Amilia" (Meina Ikhsani, 1999);
5. "Gaya Basa dina Novel *Panganten* karya Dédén Abdul Azis" (Roni Suryana Saputra, 2000);
6. "Gaya Basa dina Kumpulan Sajak *Kidang Kawisaya* Karya Chye Rétty Isnéndés pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SLTP" (Dadan Hamdani, 2003).

Umumna pedaran ngeunaan gaya basa dina éta skripsi téh medar perkara gaya basa dumasar kana gundukanana jeung purwakantina.

Dina KTSP ditétélakeun ngeunaan bahan pangajaran kabasaan nu ngawengku fonologi, éjahan, wangun kecap, warna kecap, wangun kalimah, warna kalimah, jeung kabeungharan kecap (kosa kata). Demi wengkuan bahan diajar ngeunaan kabengharan kecap, diantaranya kecap-kecap husus nu aya patalina jeung sosial budaya Sunda, kecap-kecap lugas (denotatif) jeung kecap injeuman (konotatif); babasan jeung paribasa; undak-usuk basa dina paguneman jeung gaya basa.

Mun diténan, gaya basa jeung kabeungharan kecap aya hubungan nu raket, upamana beuki loba kabeungharan kecap hiji jalma, mangka leuwih jembar gaya basa nu dipakéna. Bahan ngeunaan gaya basa mangrupa hiji tehnik penting pikeun mekarkeun kabeungharan kecap para siswa. Tujuan pangajaran basa nya éta pikeun ningkatkeun kamampuh pamahaman jeung kaparigelan basa. Ku kituna, pangajaran ngeunaan gaya basa dipiharep bias nambahan kamahéran makéna basa.

Salah sahiji karya sastra Sunda modern wangun prosa nya éta novél *Sripanggung* karangan Tjaraka, novel ieu medal taun 1963. Novél *Sripanggung* mangrupa novél nu mibanda ajén nu luhur, salian ti éta ogé, ieu novél téh euyeub ku gaya basa nu boga ciri nu mandiri ti pangarangna. Maksud boga ajén nu luhur téh nya éta dina novel *Sripanggung* jen Ciri mandiri éta téh bisa dihartikeun kabengharan makéna. Eta novel tacan aya nu nalungtik ngeunaan gaya basana. Ku kituna, ieu novél téh baris dijadikeun objek dina ieu panalungtikan, anapon nu baris ditalungtikna nya éta perkara gaya basana. Dumasar kana kasang tukang masalah, ieu panalungtikan téh dijudulan “Gaya Basa dina Novel *Sripanggung* karangan Tjaraka”.

1.2 Watesan masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu diébréhkeun di luhur, dina ieu panalungtikan diwatesanan medar gaya basa jeung purwakanti dumasar kana gundukanana nu nyampak dina novel *Sripanggung* karangan Tjaraka.

1.2.2 Rumusan masalah

Tina masalah nu geus diébréhkeun di luhur, dina ieu panalungtikan baris dirumuskeun masalah dina wangun pananya saperti ieu di handap;

- 1) gaya basa naon baé nu nyampak dina novel *Sripanggung* karangan Tjaraka?;
- 2) purwakanti naon baé nu nyampak dina novel *Sripanggung* karangan Tjaraka?;

1.3 Tujuan Panalungtikan


Tujuan ieu panalungtikan téh pikeun ngadéskripsikeun;

- 1) warna gaya basa nu nyampak dina novel *Sripanggung* karangan Tjaraka;
- 2) warna purwakanti nu nyampak dina novel *Sripanggung* karangan Tjaraka.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Hasil tina panalungtikan ieu téh dipiharep bisa dimangpaatkeun dina rupa-rupa perkara, saperti nu dipedar ieu di handap;

- 1) méré gambaran pangaweruh ngeunaan warnaning gaya basa jeung purwakanti;
- 2) ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan gaya basa jeung purwakanti nu geus aya;
- 3) bisa dijadikeun conto alternatip dina milih bahan pangajaran ngeunaan gaya basa.



1.5 Anggapan Dasar

Ieu panalungtikan nyoko kana anggapan dasar saperti nu dipedar ieu di handap;

- 1) gaya basa bisa kapanggih dina karya sastra;
- 2) unggal pangarang boga gaya basa séwang-séwangan (ciri nu mandiri);
- 3) dina novél *Sripanggung* nyampak gaya basa; jeung
- 4) gaya basa bisa diulik dumasar kana warna, jumlah, jeung purwakantina.

1.6 Wangenan Operasional

Pikeun leuwih ngajéntrékeun kana masalah nu baris dipedar, ieu di handap diwincik watesan istilah-istilah nu aya patalina jeung judul panalungtikan.

1) Novel

Novel nya éta prosa rékaan (fiksi) nu naratif (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur caritana atawa plot-na kompléks (ngarancabang) (Iskandarwassid, 2003: 93).

2) Gaya Basa

Gaya basa nya éta corak éksprési basa, boh dina prosa boh dina puisi nu digunakeun pangarang dina midangkeun omonganana. Pasipatan gaya basa dina karya sastra atawa ti hiji pangarang bisa dianalisis tina; 1) diksi atawa pilihan kecapna, 2) tina ungkara atawa struktur kalimahna, 3) tina rupa-rupa babandingan jeung cara ngantebkeun harti, 4) tina pola wirahmana, purwakantina, jeung 5) tina

cara-cara nimbulkeun épék ku rakitan basa jeung ciri-ciri wangun séjénna (Iskandarwassid, 1992: 91).

3) Purwakanti

Purwakanti nya éta padeukeutna sora, sada jeung kecap katut engangna meh sarua boh dina ungkara kalimah, klausa, atawa frasa, babakuna dina wangun ugeran jeung lancar (Salmun, 1963: 32).

1.7 Tatapan Téori

Tatapakan téori nu dipaké dina ieu panalungtikan, ngawengku téori-téori ngeunaan gaya basa jeung novel, sedengkeun buku-buku nu dijadikeun sumber dina ieu panalungtikan, diantarana baé: *Kamus Umum Basa Sunda* (1976); *Kamus Istilah Sastra* (Iskandarwassid, 1992); *Ulukan Semantik Sunda* (Sudaryat, 1997); *Diksi dan Gaya Basa* (Keraf, 1987); *Kandaga Kasusastraan* (Salmun, 1958); *Apresiasi Kesastraan* (Sumardjo & Saini KM, 1988); *Galuring Basa Sunda* (Rahayu Tamsyah, 1996); *Pedaran Basa Sunda* (Sudaryat, 2004); *Kamus Élmuning Basa Sunda* (Sudaryat, 2004).

